

Poukisa nou dwe bay timoun ki gen 6 a 59 mwa sipleman Vitamin A?

- 1. Li esansyèl** — Vitamin A se yon nitriman esansyèl ke kò nou pa pwodui, men timoun bezwen li pou yo viv lontan epi devlope kò yo!
- 2. Nou jwenn li nan manje ak sipleman** — Manje ki rich ak Vitamin A genyen lèt manman ak pwodui zannimo tankou vyann, pwason, ak lòt pwodui ki fèt ak lèt. Li nan fèy vèt fonse tankou zepina epi nan fwi ak legim ki gen koulè wouj fonse epi oranj tankou patat ak kawòt tou. Timoun kipaka manje ase nan manje sa yo bezwen sipleman vitamin A pou ka pwoteje l kont defisyans vitamin A.
- 3. San li, timoun lan ap gen defisyans** — Defisyans Vitamin A afekte anviwon 190 milyon timoun ki gen 6 rive 59 mwa nan mond lan. DVA ka rann moun avèg ak maladi timoun tankou dyare, enfeksyon, lawoujòl, ak lòt ankò. DVA koz lanmò anpil timoun tou. Se poutèt sa redui DVA enpòtan nan pwogram pou ede timoun viv byen.
- 4. Bay sipleman inivèsèl pou ka diminye ka lanmò kay timoun** — Òganizasyon Mondyal Sante mande pou tout timoun ki gen 6-59 mwa, nan peyi ki gen ti oubyen gwo defisyans Vitamin A (DVA) yo pran sipleman Vitamin A chak 4-6 mwa. Se pa yon tretman li ye, men yon prevansyon pou elimine DVA. Sipleman inivèsèl vitamin A diminye ka lanmò kay timoun nan nivo 24%.

Konsèy pou manman yo ak lòt paran yo

1. Kapsil yo vini nan 2 koulè, ki fè efè espesyal selon laj—

- Kapsil ble yo bay **100 000 UI Vitamin A-** pou timoun ki gen 6 rive 11 mwa.
- Kapsil wouj yo bay **200 000 UI Vitamin A-** pou timoun ki gen 12 rive 59 mwa.



2. Bay Vitamin A chak 4 oswa 6 mwa

 — Depi timoun nan gen 6 mwa, li dwe pran 1 dòz vitamin A chak 4 oswa 6 mwa jiskaske li gen 5 an.

3. Li san danje

 — Vitamin A san danje pou timoun. Depi nan lane 1997, gen plis pase 8 bilyon dòz vitamin A ki bay toupatou nan mond lan. Pa gen yon ka lanmò ke nou konnen ki rive akòz sipleman Vitamin A, epi ou ka bay li ak vaksen, remèd vè, multivitamin, ak lòt manje ki rich ak vitamin.

4. Benefis

 — Sipleman Vitamin A rann timoun pi an sante epi djanm: 1) Li anpeche timoun vin avèg (zewoftalmi), 2) li ranfòse sistem iminitè a, 3) li diminye ka lanmò kay timoun piti ak jenn timoun nan nivo 24%, 4) Li diminye ka gwo dyare ak lawoujòl, epi 5) li redui anemi.

5. 5 efè segondè yo ra epi yo pa dire lontan

 — Anviwon 5 timoun sou 100 ka genyen youn oubyen plis nan efè segondè vitamin A. Efè segondè yo dire 48è pou pi plis aprè yon timoun fin pran vitamin A epi yo disparèt. Nan kèk ka ra ka gen efè segondè sa yo tankou 1) anvi vomi, 2) vomisman, 3) tèt fè mal, 4) bouch pa bon, 5) anfleman fontanel (pati mou ki nan mitan tèt timoun lan). **Si sentom yo ta dire plis pase 2 jou, oubyen si ta gen lòt sentom ki devlope, timoun nan ap gen bezwen wè doktè.**

Kòman pou bay timoun ki gen 6 rive 59 mwa Vitamin A

! Pingaw janm voye yon paran lakay li ak vitamin A a pou l bay timoun nan li apre !

3 kritè kalifikasyon*


Yon timoun dwe reponn ak touletwa kritè yo pou l kapab resevwa sipleman vitamin A.

- 1. Laj li dwe 6-59 mwa** — Timoun nan dwe gen omwen 6 mwa nan dat lap pran premye dòz la, epi l pa dwe ko genyen 5 an lè lap resevwa dènye dòz Vitamin A.
- 2. Sa gen 1 mwa depi l te pran dènye dòz la** — Timoun nan pat resevwa Vitamin A nan mwa ki sot pase a (4 semèn).
- 3. Pwoblèm sante: pa gen gwo difikilte pou respire** — Timoun nan pa gen gwo difikilte pou l respire nan jou li vin pran Vitamin A a.

Si timoun nan gen gwo difikilte pou l respire Jodi a, pinga ba li sèvis, refere l kay doktè.

D. Itilize pi bon pratik prevansyon enfeksyon yo

- 1. Lave men nou chak fwa nap bay Vitamin A** — Itilize dezenfektan ki gen alkòl, osinon savon ak dlo pwòp pou lave men w chak fwa, anvan w bay yon timoun Vitamin A.
- 2. Itilize sizo pwòp epi siye tout rès lwil yo** — Itilize sizo pwòp pou koupe ti tèt kapsil la. Aprè w fin bay Vitamin A a, siye rès lwil la nan men w ak nan sizo a.
- 3. Pinga w manyen timoun nan** — Pou evite pwopaje enfeksyon, paran timoun nan dwe sèl moun ki manyen timoun nan. Montre paran an kijan poul kenbe tèt timoun nan epi asire yo ke bouch timoun nan louvri pou l resevwa vitamin A a.
- 4. Pa janm fòse yon timoun pran Vitamin A** — Asire w ke timoun nan kalm. **Pou diminye risk etoufman, pa janm fòse yon timoun pran Vitamin A epi pinga bay timoun kap kriye li.**




Poukisa nou dwe bay timoun ki gen 12 a 59 mwa remèd vè?

- 1. Li amelyore kondisyon manje ak sante** — Remèd vè yo debarase nou de vè entestinal yo ki se vè nou ka trape nan tè (VT). Timoun ki pa gen vè manje pi byen, Trete timoun ki gen vè se mwayen ki pi senp e ki pi bon pou nou amelyore sante yo.
- 2. San remèd vè** — Vè nou trape nan tè yo ki rele vè entestinal yo genyen ladan yo ascaris, akilostòm, ak nematòd. VT rann timoun ki nan laj preskolè (12-59 mwa) malad epi anpeche yo manje byen. Vè entestinal ki pa trete ka lakòz “soufrans anbachal”, li ka paralize kwasans ak nitrisyon, diminye fonksyon mantal la epi kapasite pou aprann, ogmante absans nan klas, lakòz anemi, epi afekte negativman kondisyon vitamin A. Anviwon 266 milyon Timoun preskolè ki poko gen 5 an toupatou nan mond lan riske gen enfeksyon VT yo.
- 3. Atitid pou prevansyon epi rete an santé** — Vè entestinal yo ak tout ze yo pwopaje nan watè, yo kontamine tè a ak dlo. Atitid sanitè ka anpeche VT yo pwopaje, gen ladann: a) bwè dlo pwòp, b) itilize latrin, c) mete soulye, d) lave fwi ak legim yon ak dlo trete, e) kuit manje kri yo, f) itilize savon ak dlo pwòp pou lave men yo anvan nou manje oubyen bay lòt moun manje, epi tou lè nou sot nan latrin, epi g) pinga kite timoun yo manje tè ak watè.
- 4. Bay remèd vè pou amelyore sante ak nitrisyon** — OMS rekòmande pou tout timoun ki gen 12 a 59 mwa resevwa remèd vè prevantif si yap viv nan peyi ki gen gwo ris enfeksyon VT.

Konsèy pou manman yo ak lòt paran sou remèd vè

- 1. Dozaj remèd vè ki apwopriye avèk Albendazòl** — **TOUJOU kraze grenn remèd vè yo pou TOUT timoun ki poko gen 5 an.**
 - **200 mg (sa vle di mwatye grenn, kraze)** - pou timoun ki gen 12 a 23 mwa. Si ou itilize mwatye yon grenn, konsève lòt mwatye a pou w ka bay yon lòt timoun li.
 - **400 mg (sa vle di, 1 grenn antye, kraze)** - pou timoun ki gen 24 a 59 mwa.
- 2. Bay remèd vè yo chak 4 a 6 mwa** — Bay timoun ki gen 12 a 59 mwa dòz remèd vè ki ale ak laj li chak 4 a 6 mwa ansanm ak vitamin A.
- 3. Li san danje** — Remèd vè yo san okenn danje, epi w ka bay yo ak sipleman vitamin A, vaksinasyon, multivitamin, ak lòt manje ki rich ak vitamin.
- 4. Benefis** — Lè w bay timoun preskolè ki gen 12 a 59 mwa remèd vè 1) li retire vè nan kò timoun nan, konsa li 2) amelyore nitrisyon l, 3) li amelyore kondisyon mikwonitriman an.
- 5. 6 efè segondè ki ra epi ki pa dire lontan** — Anviwon 5 timoun sou 100 ka gen youn oubyen plis nan efè segondè lè yo pran remèd vè. Efè segondè yo pa dire lontan, pa plis ke 48 è imedyatman aprè timoun nan fin pran remèd vè a. Nan kèk ka ki ra kapab gen efè segondè tankou 1) tèt fè mal 2)anvi vom, 3) vomisman 4) fatig, 5) ti vant fè mal, oubyen 6) dyare.
- 6. Pale de lòt efè segondè pran remèd vè genyen** — Nan kèk ka ki ra , ou ka wè vè soti nan tata timoun lan ; vè yo ka soti nan nen oubyen nan bouch . Nan ka sa, paran timoun lan dwe ede rale yo oubyen fè timoun nan krache yo. **Si sentom yo dire plis pase 2 jou, oubyen si ta gen lòt sentom ki devlope, Ou dwe pran chimen doktè. Ak timoun nan.**



Kòman pou bay timoun ki gen 12 a 59 mwa remèd vè

! Pingaw janm voye yon paran lakay li ak remèd vè pou l bay timoun nan apre !

3 Kritè Kalifikasyon*

A Yon timoun dwe reponn ak tout 6 kritè yo poul kapab kalifye pou pran remèd vè.

- 1. Li dwe gen 12 a 59 mwa** — Asire w timoun nan genyen ant 12 a 59 mwa.
- 2. Dènye dòz la gen 1 mwa** Timoun nan pat resevwa remèd vè nan mwa ki sot pase a (4 semèn).
- 3. Pwoblèm sante** — Asirew ke timoun lanpagen youn nan pwoblèm sante sa yo jodi a:
 - a. Gwo difikilte pou respire
 - b. Lafyèb,
 - c. Vomisman, oubyen
 - d. Gwo dyare.

Si timoun nan gen nenpòt pwoblèm sante sa yo Jodi a, pinga ba li remèd vè , refere l bay doktè.

Itilize pi bon pratik prevansyon enfeksyon yo

- 1. Lave men yo chak fwa wap bay remèd vè** — Itilize dezenfektan ki gen alkòl oubyen savon ak dlo pwòp pou lave men w chak fwa anvan w bay remèd vè.
- 2. Kraze grenn yo** — **TOUJOU kraze grenn remèd vè yo pou TOUT timoun ki poko gen 5 an.** Selon laj timoun nan, mete oubyen ½ osinon 1 grenn antye nan yon ti papye pliye. Itilize yon boutèy fayans , kraze grenn nan jiskaske l fè poud. Papye pliye a ap sèvi tankou yon antonwa pou mete poud la nan bouch timoun nan.
- 3. Pinga manyen timoun nan** — Mande paran an pou l kenbe tèt timoun nan epi asire yo ke bouch timoun nan louvri. Itilize antonwa papye a pou w mete grenn kraze a nan bouch timoun nan tou dousman.
- 4. Pinga janm fòse yon timoun pran remèd vè** — Asire w ke timoun nan kalm epi vle pran grenn nan epi moulen l nè, yon fason pou w evite ke timoun nan trangle. Pingaw janm fòse yon timoun pran remèd vè epi pingaw bay timoun ki ap kriye li.
- 5. Bay dlo pwòp pou bwè apre remèd vè a**— Apre ou fin bay timoun nan remèd vè a, ou ka ba li bwè dlo pwòp nan yon gode pwòp. Si pa gen dlo pwòp disponib, li ka bwè dlo bouyi, filtre, oubyen klore san danje.

